



Pou Piblikasyon Imedya: 23/5/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE BIWO SÈVIS JENERAL LA K AP PRAN ÒF POU
RENOVASYON ASENAL ISTORIK LEXINGTON AVENUE**

*Patenarya eta ak federal avèk 40 milyon dola nan finansman eta epi 90 milyon
dola nan finansman federal*

Yo espere anonse òf ki genyen yo nan mitan mwa out

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Biwo Sèvis Jeneral (Office of General Services, OGS) la ap pran òf pou faz konstriksyon 100 milyon dola nan yon pwojè ki pral repare konplètman Asenal Lexington Avenue nan Vil New York. Chanjman ki prevwa yo pral fè batiman kòmansman 20yèm syèk la tounen youn ki pare pou sèvi fòs militè 21yèm syèk la avèk espas pou antrènman ak travay dènye modèl.

"Asenal Lexington Avenue ap kòmanse montre laj li, epi nou pa ka tann pou nou kòmanse reparasyon ki nesèsè anpil yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Renovasyon sa a pral kontribiye anpil pou li prezève karakteristik diferan achitekti ak istorik batiman an, ki te mete li sou lis moniman vil la, eta ak federal yo."

Asenal nan mitan vil Manhattan gen ladan 69yèm Rejiman Enfantri Gad Nasyonal Lame New York depi li te fini an 1906. Sòlda yo nan "69yèm enfantri" an te mache soti nan asenal la ale nan Premye ak Dezyèm Gè Mondyal la ak an 2004, nan Lagè Irak la. Asenal la te sèvi tou kòm yon kote pou Sòlda Gad Nasyonal ede moun New York yo nan jou apre atak 11/9 yo ak apre Gwo Ouragan Sandy an 2012.

Lidè Majorite Sena a, Chuck Schumer, te deklare, "Mwen fyè pou m bay 90 milyon dola nan finansman federal pou 69yèm Asenal Rejiman istorik la pou modènize ak amelyore preparasyon. Non sèlman asenal la se yon moniman nasyonal ak vil New York, men li se kay 69yèm enfantri, yon rejiman ki te fèt sitou ak imigran Ilandè ak yon istwa distenge. Reyabilitasyon asenal la ke yo t ap tann lontan pral restore moniman an pou satisfè bezwen modèn Lame a. Gras a 90 milyon dola nan finansman federal mwen te garanti nan pwojè lwa afektasyon yo ak sipò Gouvènè Hochul pou 30 milyon dola nan eta a, manm Gad Nasyonal Lame New York ki sèvi san enterè peyi nou an pral jwenn pi bon enstalasyon nou ka bay, epi ouvri pwojè sa a pou òf yo pote nou yon lòt pa pi pre amelyorasyon sa yo ki nesèsè anpil epi mizajou lontan yo."

Reprezantan Jerrold Nadler te deklare, "Mwen fyè pou m te travay avèk Lidè Schumer ak Senatè Gillibrand pou m jwenn 90 milyon dola nan finansman dirèk ki soti nan Pwojè Iwa Finansman Gouvènman pou ane fiskal 2024 pou asenal 69yèm Rejiman istorik nan Manhattan. Mwen kontan Biwo Sèvis Jeneral New York la ap kòmanse kounye a pwosesis òf pou renovasyon ak mete ajou moniman Lexington Avenue ki gen 120 an, pou asire li rete yon sant enpòtan pou kapasite repons sipò sivil New York nan Manhattan pou ane k ap vini yo."

Adjutan Jeneral New York Majò Jeneral Ray Shields te di, "Reyabilitasyon Asenal Istorik Lexington Avenue nan Manhattan se yon opòtinite yon fwa nan yon syèk pou Gad Nasyonal Lame New York. Gras a sipò Lame Ameriken an, Gouvènè Hochul, Senatè Schumer, Senatè Gillibrand, Reprezantan Nadler ak Delegasyon Kongrè nou an, Sòlda nou yo ki soti nan 69yèm Enfantri k ap goumen an pral gen yon asenal yo ka fyè pou yo rele lakay yo. Reyabilitasyon an pral asire ke Sòlda nou yo pare ak antrene pou wòl yo kòm rezèv konba Lame a epi yo disponib pou Gouvènè a pou operasyon sipò sivil yo. Nou remèsye tout moun ki patisipe nan fè finansman pou pwojè sa a yon reyalite."

Rekonsepsyon asenal la pral enkòpore enfrastrikti rezo òdinatè ansanm ak latrin ak vestyè ki fèt espesyalman pou fanm sòlda yo. Chanjman yo pral fè batiman kòmansman 20yèm syèk la tounen youn ki pare pou sèvi yon fòs militè 21yèm syèk la avèk fòmasyon dènnye modèl ak espas travay.

Pwojè a ap finanse avèk 90 milyon dola nan finansman federal delegasyon Kongrè New York te dirije atravè Lidè Majorite Sena a Charles Schumer, ak 40 milyon dola nan eta Gouvènè Hochul ak Lejislati a te apwouve. Depans pwojè a pral divize, avèk gouvènman federal la ki kouvri apeprè 75 pousan nan depans la epi Eta a ki kouvri rès la.

Yo espere anonse òf ki genyen yo nan mitan mwa out

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)